Department of Education

<student name>
Dat nesans : <Dat nesans elèv la>
ID elèv la: <Student ID>

<Parent Name>
Paran/Responsab <Student Name>
<Address>

Avril 2015

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan fè w konnen ke <Student First Name> elijib pou aplike pou yon plas nan Pwogram pou elèv douwe *Gifted and Talented* (G&T) Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) pou ane akademik 2015-2016. Elijiblite baze sou klasman *percentile* timoun lan e nan egzamen *Otis-Lennon School Ability Tes*t (OLSAT) e nan *Naglieri Nonverbal Ability Test* (NNAT).

- Elèv ki fè nòt ant 90yèm ak 96yèm *percentile* kalifye pou aplike pou pwogram *Gifted & Talented* (G&T) Distri yo.
- Elèv ki fè nòt 97yèm *percentile* oswa plis kalifye pou aplike pou pwogram G&T Vil la ak Distri a.

Gen de dokiman ki vini ak lèt sa a :

- **Rapò sou nòt pou admisyon nan G&T :** Yon rapò detaye rezilta evalyasyon pitit ou a pou e pati oral egzamen an e pati ekri a.
- **Aplikasyon pou pwogram G&T ak eksplikasyon sou fason pou w ranpli l :** Tanpri li eksplikasyon yo, epi ranplli aplikasyon pou 2015-2016 la epi soumèt li pou yo konsidere w pou yon plas nan yon pwogram G&T.

Ou gen de opsyon pou soumèt aplikasyon pou yon pwogram G&T.

1. **Sou entènèt :** Nou ankouraje w soumèt aplikasyon ou a pou pwogram G&T sou entènèt nan www.nyc.gov/schools/GT. Y ap mande w ekri nimewo PIN nou mete pi ba a. Dènye dat pou soumèt aplikasyon w sou entènèt se **Jedi, 23 avril 2015**. W ap resevwa yon imèl pou di w yo resevwa aplikasyon an lè w fin soumèt li. Pa bliye konsève resi w. Y ap voye ba w yon imèl ak yon lèt pa lapòs pou fè w konnen desizyon konsènan plasman pandan semenn 25 me 2015.
2. **Anpèsòn:** Ou ka ranpli aplikasyon nou mete nan anvlòp la epi soumèt li nan yon *Family Welcome Center*. Gen yon lis konplè *Family Welcome Center* nan paj 2 fòmilè aplikasyon an. Dènye dat pou soumèt aplikasyon ou a ba yon Family Welcome Center se **Jedi, 23 avril 2015 a 3è00 pm**. W ap resevwa yon imèl pou di w yo resevwa aplikasyon an lè w fin soumèt li. Pa bliye konsève resi w. Y ap voye ba w yon lèt pa lapòs pou fè w konnen desizyon konsènan plasman pandan semenn 25 me 2015.

PIN pou pwogram G&T pitit ou a se : <PIN>

Si w gen kesyon,tanpri kontakte nou nan 718-935-2009.

Avèk senserite,

Daniel Hildreth
Direktè, Admisyon Gifted & Talented

Department of Education

<student name>
Dat nesans : <student DOB>
ID elèv la: <Student ID>

<Parent Name>
Paran/Responsab <Student Name>
<Address>

Avril 2015

Chè Paran/Responsab,

Nou remèsye w pou jan w enterese nan pwogram pou elèv douwe *Gifted & Talented* (G&T) Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) yo. Nou voye lèt sa a ba w pou fè w konnen ke dapre rezilta evalyasyon pitit ou a li pa elijib pou aplike pou yon plas nan yon pwogram G&T pou ane akademik 2015-2016.

Elèv ki fè nòt nan 90yèm *percentile* oswa plis nan *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT) ak nan *Naglieri Nonverbal Ability Test* (NNAT) kalifye pou aplike pou plasman nan yon pwogram G & T. Nan anvlòp sa a w ap jwenn yon kopi rapò sou nòt pitit ou a, ki bay yon eksplikasyon sou fason yo te detèmine nòt la.

Pou w jwenn enfòmasyon sou aplikasyon nan pwogram G&T alavni, tanpri al sou sit wèb nou a : www.nyc.gov/schools/GT. Si w gen kesyon,tanpri kontakte nou nan 718-935-2009.

Nou swete pitit ou a siksè pou ane lekòl k ap vini an.

Avèk senserite,

Daniel Hildreth
Direktè, Gifted & Talented Admissions

Department of Education

<student name>
Dat nesans : <student DOB>
ID elèv la: <Student ID>

<Parent Name>
Paran/Responsab <Student Name>
<Address>

Avril 2015

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan fè w konnen ke <Student Name> elijib pou aplike pou yon plas nan Pwogram pou elèv douwe *Gifted and Talented* (G&T) Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) pou ane akademik 2015-2016. Elèv ki fè nòt nan 97yèm *percentile* oswa plis nan *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT) ak nan *Naglieri Nonverbal Ability Test* (NNAT) kalifye pou aplike pou plasman nan yon pwogram Vil la. Elèv ki nan yon pwogram G&T Distri ka aplike pou yon plas nan yon pwogram Vil la sèlman ; yo pa elijib pou aplike pou yon lòt pwogram Distri.

Gen de dokiman ki vini ak lèt sa a :

- **Rapò sou nòt pou admisyon nan G&T :** Yon rapò detaye rezilta evalyasyon pitit ou a pou e pati oral egzamen an e pati ekri a.
- **Aplikasyon pou pwogram G&T ak eksplikasyon sou fason pou w ranpli l :** Tanpri li eksplikasyon yo, epi ranplli aplikasyon pou 2015-2016 la epi soumèt li pou yo konsidere w pou yon plas nan yon pwogram G&T.

Ou gen de opsyon pou soumèt aplikasyon pou yon pwogram G&T.

1. **Sou entènèt :** Nou ankouraje w soumèt aplikasyon ou a pou pwogram G&T sou entènèt nan www.nyc.gov/schools/GT. Y ap mande w ekri nimewo PIN nou mete pi ba a. Dènye dat pou soumèt aplikasyon ou a se **Jedi, 23 avril 2015 a 11è59 pm**. W ap resevwa yon imèl pou di w yo resevwa aplikasyon an lè w fin soumèt li. Pa bliye konsève resi w. Y ap voye ba w yon imèl ak yon lèt pa lapòs pou fè w konnen desizyon konsènan plasman pandan semenn 25 me 2015.
2. **Anpèsòn:** Ou ka ranpli aplikasyon nou mete nan anvlòp la epi soumèt li nan yon *Family Welcome Center*. Gen yon lis *Family Welcome Center* sou paj 2 fòmilè aplikasyon an. Dènye dat pou soumèt aplikasyon ou a ba yon *Family Welcome Center* se **Jedi, 23 avril 2015 a 3è00 pm**. W ap resevwa yon imèl pou di w yo resevwa aplikasyon an lè w fin soumèt li. Pa bliye konsève resi w. Y ap voye ba w yon lèt pa lapòs pou fè w konnen desizyon konsènan plasman pandan semenn 25 me 2015.

PIN pou pwogram G&T pitit ou a se : <PIN>

Si w gen kesyon,tanpri kontakte nou nan 718-935-2009.

Avèk senserite,

Daniel Hildreth
Direktè, Gifted & Talented Admissions

Department of Education

<student name>
Dat nesans : <student DOB>
ID elèv la: <Student ID>

<Parent Name>
Paran/Responsab <Student Name>
<Address>

Avril 2015

Chè Paran/Responsab,

Mèsi poutèt ou enterese nan pwogram pou timoun douwe *Gifted and Talented* (G&T) onivo tout Vil la Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE). N ap voye lèt sa ba w pou fè w konnen ke dapre rezilta evalyasyon pitit ou a, li pa elijib pou aplike pou yon plas nan yon pwogram G&T Vil la pou ane akademik 2015-2016.

Elèv ki fè nòt nan 97yèm *percentile* oswa plis nan *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT) ak nan *Naglieri Nonverbal Ability Test* (NNAT) kalifye pou aplike pou plasman nan yon pwogram G&T Vil la. Nan anvlòp sa a w ap jwenn yon kopi rapò sou nòt pitit ou a, ki bay yon eksplikasyon sou fason yo te detèmine nòt la.

Byenke pitit ou a pa elijib pou aplike pou yon plas nan yon pwogram Vil la, evalyasyon sa a pa gen okenn enpak sou dwa pitit ou a pou l kontinye nan pwogram G&T li ye a.

Nou swete pitit ou a siksè pou ane lekòl k ap vini an.

Avèk senserite,

Daniel Hildreth
Direktè, Gifted & Talented Admissions

Department of Education

<student name>
Dat nesans : <student DOB>
ID elèv la: <Student ID>

<Parent Name>
Paran/Responsab <Student Name>
<Address>

Avril 2015

Chè Paran/Responsab,

Nou remèsye w pou jan w enterese nan pwogram pou elèv douwe *Gifted & Talented* (G&T) Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) yo. Nou resevwa kaye egzamen pitit ou a pou koreksyon ; men, etandone pitit ou a pa reponn ase kesyon, nou pa kapab ba li yon nòt. Poutèt sa a, pitit ou a pa kalifye pou aplike pou yon plas nan yon pwogram G&T pou ane akademik 2015/16.

Elèv ki fè nòt nan 90yèm *percentile* oswa plis nan *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT) ak nan *Naglieri Nonverbal Ability Test* (NNAT) kalifye pou aplike pou plasman nan pwogram G & T yo. Si w gen kesyon konsènan fason yo bay egzamen an, tanpri kontakte *Office of Assessment Service Desk* nan 212-374-6646 oswa ServiceCenter@schools.nyc.gov.

Pou w jwenn enfòmasyon sou aplikasyon nan pwogram G&T alavni, tanpri al sou sit wèb nou a : www.nyc.gov/schools/GT.

Nou swete pitit ou a siksè pou ane lekòl k ap vini an.

Avèk senserite,

Daniel Hildreth
Direktè, Gifted & Talented Admissions